# *Глаголалъул шартӀияб наклонение*
# 7 класс



# РакӀалде щвезабилин:

- Глагол сунда абулеб?
- Инфинитивалъе кинаб суал лъолеб?
- Чан наклонение бугеб глаголалъул?
- ТӀалабияб наклонениниялъ щиб загьир гьабулеб?
- ТӀалабияб наклонениялъул гьечӀолъиялъул форма кин лъугьунеб?
- ТӀалабияб наклонениялъул гьариялъул форма кин лъугьунеб?
- ТӀалабияб наклонениялъул гьесизариялъул форма кин лъугьунеб?

# ТӀалабияб наклонениялъул буголъиялъул ва гьечӀолъиялъул магӀнаялъул гьариялъул форма лъугьинабе

| | | |
|---|---|---|
| **Кье –** | **таризе -** | **тӀегьазе -** |
| **БухӀизе –** | **тиризе -** | **кӀичӀардизе -** |
| **Хвезе -** | **тӀерхьине -** | **бухъаризе -** |

| Буголъиялъул форма | ГьечӀолъиялъул форма |
|---|---|
| ***Кьезин*** | ***кьеларин*** |
| ***БухӀизин*** | ***бухӀиларин*** |
| ***Хвезе*** | ***хвеларин*** |
| ***Таризин*** | ***тариларин*** |
| ***Тиризин*** | ***тириларин*** |
| ***ТӀерхьилин*** | ***тӀерхьиларин*** |
| ***ТӀегьазин*** | ***тӀегьаларин*** |
| ***КӀичӀардизин*** | ***кӀичӀардиларин*** |
| ***Бухъаризин*** | ***бухъардиларин*** |

# РагIикъотI

1. ВатIан тун къватIив ккани

… цIун цадахъ босе,

АскIоб лъола гьелъ маян

Дурго магIарул росу.

2. Цебе магIарулаз больницаялда абулеб букIараб цIар?

3. Авалалда «Р»- лъунани,

Антоним дир рагъ букIуна.

4. «ТI»- ялдаса байбихьани,

БукIуна дун сумалда тIад.

5. Вехьасул тIил?

6. Нич гьечIелъуб, … букIунаро.

7. Дунялалда кьерал лъазе,

Кьурулъ чIарал чIенкIераби.

Кьижулелъул тIалъел къалел,

ТIину гьечIел гьитIинхIорал.


1
2
3
4
5
6
7

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 **Ш** | и | ш | а | | | | |
| 2 **А** | з | а | р | х | а | н | а |
| 3 **Р** | е | къ | е | л | | | |
| 4 **ТI** | у | тI | | | | | |
| 5 **И** | р | гъ | а | хъ | | | |
| 6 **Я** | хI | | | | | | |
| 7 **Б** | е | р | а | л | | | |

# ШартӀияб наклонение

- ШартӀияб наклонениялда ругел глаголаз загьир гьарула, цо хасал ресал, шартӀал ругони гурони, лъугьунарел ишал.
- **Масала:** ГӀухьби гӀемерлъани, гӀи бацӀица гъурула. (К.)
- ШартӀияб наклонение лъугьуна хабарияб наклонениялъул глаголиял формабазде тӀаде – НИ яги – АНИ суффиксалги журан.
- **Масала:** кьолона - кьолонани

# Къокъаб форма

- ШартIияб наклонениялъул къокъаб форма лъугьуна глаголалъул араб заманалъул ахиралда бугеб – А-ялъул бакIалде И бачIун.

Масала: ахIана – ахIани, вачIана- вачIани.

- Къокъаб форма каламалъулъ цIикIкIун хIалтIизабула.

**ПасихӀго ва гъалатӀ биччачӀого цӀале.**

1. ХӀасрат цӀикӀкӀарасе цӀар щолебани,
   цӀер гӀадин, дуниял дир букӀинаан.

ЦӀикӀкӀун хиял лъурав ханлъулевани,

Халкъалъул ихтияр дихъе щвелаан. (М.)

**2.** ЧӀор щун лъукъани, чан, чундул тун, уна.

**3.** Ниж рахине кколеб борхалъиялде,

Гъоркьан балагьани, бер гӀунтӀуларо. (ЦӀ.ХӀ.)

## Кицаби цӀале. МагӀна баян гьабе.

ГьарудичӀони кваналаро, квалквадичӀони букӀунаро.

Гьир бакӀлъани, хӀама чӀола, хӀос бекани, гьоко чӀола.

Гьирида къачӀони, къвачӀида батуларо.

ГӀедал течӀони, хведал толеб.

Бихьинчи ватани, бихьинчи гӀадин вукӀа.

ГӀемераб къвакӀани, къвакьан бекула.

***- ШартӀияб наклониялъул глаголал рате. Кин лъугьун ругелали бице.***

# ШартӀияб наклонениялъул къокъаб форма лъугьинабе

АхӀана –

ГӀодана –

ХӀалтӀана –

Бецлъана –

ГӀемерлъана –

ХӀалакълъана –

РоцӀана –

КъачӀана -

## *Рокъобе хIалтIи*

**§ 64**

**ХIалтIи № 2, гьум. 176**